

Yon dènye omaj pou Akademisyen Ernst MIRVILLE !



Nan yon anbyans kote mizik marye ak pwezi, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te kase randevou vandredi 30 jiyè 2021 pou salye memwa yon potrik gason, Akademisyen Ernst MIRVILLE.

Pandan seremoni sila, divès Akademisyen, fanmi, Konseye konsiltatif, reprezantan Tanbou-Literè, te pran lapawòl pou temwanyen sou lavi, zèv ak pwofondè travay Akademisyen MIRVILLE yo.

Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen an, Akademisyen Pierre-André PIERRE salye memwa yon Mapou ki pati; pou Vis prezidan KAd la, Akademisyen Michel Frantz GRANDOIT se yon gwo pèt pou sosyete a. Alòske Manno EJÈN, Jan Mapou ak Jean Robert PLACIDE prezante yon pèsonaj angaje pou koz peyi li, yon teyorisyen majè Mouvmàn Kreyòl Ayisyen an. Akademisyen Ernst MIRVILLE se te yon nonm ki pa te janm vatige travay. Sajès, imilite ak lanmou pataj se te mak fabrik li, dapre entèvenan yo. Pou sè Akademisyen MIRVILLE ki te patisipe nan seremoni omaj sila, Akademisyen MIRVILLE se te yon sitwayen responsab.

Selon temwanyaj sè li, Claudette MIRVILLE, Akademisyen an te deja kòmanse travay depi sou ban lekòl pou ede lòt ti frè li peye lekòl, Yon bèl egzant fratènite ak lanmou.

Pou pwofesè Sandy LAROSE, yonn nan pi pwòch kolaboratè li, Akademisyen MIRVILLE se te yon gid, yon nonm ki te pasyone pou rechèch. Li te toujou pare pou akonpanye tout jèn ki te vle avanse nan yon karyè akademik.

Komedyèn Michelle ST-FÉLIX ki se aktyèlman prezidan regwoupman literè ak atistik Tanbou-Literè pa te manke mo nan temwanyaj li sou enplikasyon Doktè Ernst MIRVILLE nan tout inisyativ manm regwoupman an te konn pran. Li raple tou wòl fondamantal Akademisyen an te jwe nan kreyasyon estrikti sila a nan lane 2011. Li rapousuiv pou li di se avèk anpil onè ak merit Tanbou-Literè te pwopwoze kandidati gwo potrik sa a pou te vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen. Prezidan TL a te fini entèvansyon li an ak yon powèm Doktè a ki pote tit «Ti bato».

Nou dwe raple tou Akademisyen Clotaire ST-NATUS te deklame yon akwostich li te ekri pou kòlèg Akademisyen li.

Seremoni omaj sila a se te okazyon pou Akademi an te fè asistans lan reviv, a travè pwojeksyon foto, kèk moman nan lavi Doktè a. Yon estrè emisyon omaj Anivince JEAN BAPTISTE te fè pou Akademisyen an te sèvi mizik fon pandan seremoni an.

Pou fini, Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl la, Madam Luna GOURGUE swete pou pwodiksyon Akademisyen MIRVILLE kontinye sèvi kòm limyè pou ede sosyete a rete djanm epi pou pèp la kontinye itilize lang kreyòl la libelibè.